

Serial *Pegawai* No. 2

S. BUNTUNG dan S. TUTUGAN:

# diakui SANGTANG



SILAT



OKKY'S STD

# S. SUKANDAR

114



SERIAL BAGIAN KA 2  
S: BUNTUNG *di* <sup>di</sup> TUTUGAN:  
*di* aka SANTANG

Djilid Ka 14

★

Karangan .

*S. Sukandar.*

★

TJARINGIN



BANDUNG - 1970

# HAK TJIPTA ITANGTAJUNGAN KU UNDANG

## BUKU<sup>2</sup> ANU TOS MEAL :

1. Seri Si Buntung Djago Tutugan ka 40 tamar.
2. Seri Waliwis Bodas djilid 3<sup>3</sup> hantjaeun
3. Seri Siti Muljati djilid ka 14 tamar.
4. Seri Djaka Santang djilid ka 1<sup>1</sup> hantjaeun

Sadajana karangan S. Sukandar.

Tiasa ngagaleuh ka Toko<sup>2</sup> Buku pangtjaketna





## Bagian - ka 40

--MEH bareng ngoredjatna, mun Lasmanah terus ngadjorelat ka nu rada anggag, njerangkeun nu anjar datang nu njata<sup>2</sup> djadi panulung ka manehanana, ari Si Karun mah ari koredjat ari terus bae njeureudeng ka nu tadi nadjong kana kekemplongna. nu taja lian ti Si Anta, nu harita geus taki? bari njerengeh nem. bongkeun huntu karehol.

*KARUN* „Teu sopan teuing silaing ... Anta? Teu gugur teu angin ... djol2 nadjong ngabongohan... bah?”  
Si Karun muntjereng pinuh kawani.

*ANTA* „Bongan saha deuleu... silaing ngadon nangtang2 pihudjaneun... Karun? Heg we aja gelap ngahakan kekemp'lo g silaing... euj? Heh... puguh silaing nu teu sopan mah --, naon perluna deuk ngahina ka Nji Lasmanah?” ketakna Si Anta sarua pada? sugih kawani, bakuna mah ongkoh deui bajang kapake ku Lasmanah nu harita masih keneh ngadjengdjen di dinja njerangkeun

*KARUN* „Urusan aing deuleu! Silaing teu perlu ilubiang... Anta!” Si Karun njentak.



*PASTA* „Heheh... urusan sia nja urusan aing keneh... Karun! Wani? ngagunasika putrana Pa Djaja, nja aing pilawaneunana! Jeuh... kop tah bedjadkeun beula dadana Si Anta ari hajang ka Nji Elas mah, nja Nji Lasmanah? Heheheh... Si Anta ditungtung-an ku ngaheheh bari ngareret ka Lasmanah, tapi nu direretna mah kalah ka ngabalieur sangeuk neuleu orongohna, djeung geuleuhna teh make nanjakeun sagala, deuk gelut mah der2 we..... kitu pamikiran Lasmanah harita.

*KARUN*, Kumaha... Anta? Deleh deuleu Nji Elasma oge ngabalieur tandaning sebeleun ka sia teh! Heheheh... moal ge sudieun deuleu ka model sia mah... djalma orongoh karehol! Gableg huntu pasolengkrah kawas regang! Diparaban tulang meureun nja... sila-ing mah keur waktu orok beureumna!”

*PASTA* „Aduh... andjing siah! Dibebekeun tjatjapekna ku aing!” Si Anta nu memangna boga rasa dihina antep-antepan, teu antaparah deui seak bae manehna nara-djang ngadiuskeun peureupna nu tjukup oge matak paur, goreng<sup>2</sup> oge manehna teh muridna Pa Wahidi, atuh pangna aja di kontrak Sumadra oge ngahadja didjadikeun andelan ku Mandor Kadri, bisi aja siku si wulu2 galagah kantjana njasab paribasa maung ngamuk gadiah meta nja manehna nu bakal njanghareup.

*KARUN* „Eceet... ah!” Si Karun nJOROWOK bari luntjat ka gigir, sarta maksud mah manehna deuk terus

ngadjorelat ka gigireunana, ngabadugkeun siku ka-  
tuhu bari ngabarengan ku gerakan leungeun kentja  
pikeun ngagapleng kana punduk atawa kana tjare-  
ham, orokaja Si Anta oge lain kasebut budak ka-  
mari ieu nu atah keneh pangabisana, ku kituna  
manel na rikat ngalakukeun hidji gerakan nu saolah  
olah manehanana siga nu deuk robah kuda<sup>2</sup> atawa  
siga nu deuk ngedjat, sok padahal nu saenjana mah  
manehna tetep dina tempatna, nu tumerapna ka Si  
Karun mah djol<sup>2</sup> gular giler we panonna nitenan,  
posisi lawan lantaran disangkana deuk ngedjat tea  
sabot kitu oge kalawan sakilat naker Si Anta nedjeh-  
keun suku katuhuna ka gigir nu teu salah deui  
nundjel kana beuteungna<sup>2</sup> Si Karun nu memang po-  
sisina harita keur aia di katuhueunana, ari djekuk  
ari goak bae Si Karun ngagoak bari badanna nga-  
djereg djeg ka tukang. \*

*Andi* ..Hehaheh... karasa ku sia... Karun? Tah  
deuleu... nu kitu ngaranna gerakan kuda njirig,  
raos nja... ngadjekuk kana patuangan sia? Hehe  
heh... " Si Anta terus terusan ngahehch.

*Andi* ..,Andjing sia! Gerakan podol sero deuleu nu  
kitu patut mah!" Si Karun beuki ngagugudug ama-  
rahna lantaran manehna ajeuna mah nu boga rasa  
dihina ku Si Anta, onghoh ngarasa keuheul deui  
ka awakna sorangan nepi ka bisa katipu ku gera-  
kanana Si Anta, panjana teh manehna deuk luntjat  
tapi kanjataanana bet angger keneh ngadjedog dina  
tempatna sarta njaho<sup>2</sup> dampal sukuna ngadjekuk



kana beuteung, nu karasana lumajan oge njerina ngurel sebel mebmehan ngaburusutkeuu eusi kadut.

-Ku kituna pikeun Si Karun mah geus teu kudu ngalobakeun deui pamolah sebrut bae djurus Panundung musuh njuruntul deuk ngadagor tjareham, tapi Si Anta ngageuwat njagigirkeun badanna bari satekah polah deuk meupeuh pigelang bari dibarenga ku ngabeatna peureup kantjana deuk ngagampileng kana puhu tjeuli, ngan bae Si Karun njaho diringeus, rikat manehna narik deui leungeunna sarta langsung diheumbatkeun dipake ngababuk leungeun kentjana Si Anta, bareng djeng eta gilek manehna njerong ngatuhu ngabarengan gerakan suku kentja ngangsirod ka hareup, "Duk!" Dipigeulang leungeun katuhu Si Anta dipeupeuh ku teunggeulan leungeun kentja, "Duk!" deuk gadona ditjatok ki siku katuhu Si Karun, lantaran tadi waktu tas dipake ngababuk teh langsung leungeun katuhuna ditilepkeun, nu tumerepna ka Si Anta kapaksa kudu ngagerung bari badanna ngadangheuk ka tukang, sarta samemeh manehna bisa naon?, leungeun Si Karun nu mentas njiku teh langsung ngagampileng kana beuheung bari dibarengan ku sodokan leungeun kentjana nu teu salah deui ngahantja hulu angen, "Duk!" deui disusul ku cundjelan tuur ngahakan beuteung, "Uuuuh...!!!" Si Anta ngagerung deui bari badanna ngageblag ka tukang nu satuluju ngabebengkang bari panonna tiburial buntjelik.

„Heheheh . . . naha bet kalah njingsieunan . . . Anta? Mana ge kudu mikir heula deuleu hajang njobar wewesenna Si Karun mah! ” Si Karun ngaheheh bari njerangkeun nu ngabebengkang, nu ajeuna mah tembung panon Si Anta teh ngalingkup bangun nu kapaehan.

„Heheheh . . . bongan sia make ngahihiteulan . . . geus we diperesen ku aing! ” Si Karun njarita deui bari teu tinggal ti ngaheheh pinuh kabungah, ret manehna Lasmanah nu masih aja di dinja, ketejep ku manehna disampeurkeun, tapi kakara ge meunang meureun dua langkah mah, manehna udjug<sup>2</sup> ngagero ngabarengan badanna nu ngolebat ka hareup nu saterusna ngagebut nangkuban, manehoreng waktu manehna ngagongan Si Anta kalawan teu kanjahoan Si Anta ngagentak ngagurindjal, puguh diatur ti handapna bari dibongohan, Si Karun teh kapaksa kudu narima kana nasibna, tarang satakerna pangheulana njium taneuh.

„Heheheh . . . naha sia kalah ka njungkur kawas begu . . . Karun? Nu matak deuleu . . . ka Si Anta mah montong gana<sup>2</sup> wani njanghareupan ari teu bebekelan heula mah! ” Si Anta bari ngaheheh, di dituna mah ngahualkeun, koredjat maneha nangtung, ret ka Lasmanah, serengeh manehna ngadjak seuri, tapi Lasmanah kalah ngahngeus deui, sebel neuleu huntu karehol, paingan tjeuk Si Karun, pasoleng, krah kawas suluh pangpung regang.



*KARUN* „Andjing siah! Radjeun teh betjus ngaragrag. keun aing . . . ., bare sia ngabongohan. . . . babil” Si Karun bari ngagentak ngagurindjal hudang, reng. hap<sup>2</sup> ambekana mani kerep naker tandaning di. eusi ku napsu nu katjida nguwung<sup>2</sup>na.

*ANTA* „Heheheh . . . kumaha we akal mah deuleu! Pokona mah asal hasil! Bener kitu. . . . Karun? Heheheh . . . .” Si Anta kalah ka djiga nu mapanas.

*KARUN* „Setan bolongkotan siah!” Si Karun bari sebrut ngadiuskeun djurusna.

*ANTA* „Heheheh . . . puguh sia iblis satierewelena!” Si Anta ngaheheh bari rikat ngalegot njalametkeun badanna tina gempuran lawan, djorelat manehna ngeujat bari nedjenkeun dampal sukuna. tapi Si Karun ngagentak malik bari ngaheumbatkeun teunggeulan leungeun katuhuna, orokaja Si Anta saki. tjeup geus bisa narik deui sukuna sarta langsung ngadjorelat ka gigireun Si Karun ngabarengan kirpratan dampal leungeun katuhuna nu teu salah deui ngagaprot kana beungeut, „Andjing siah!” Si Karun nJOROWOK hari ngadiuskeun peureup kentjana deuk ngahantja dada ku tondjokan njempong, tapi Si Anta rikat nakis bari mundur salengkah, hiuk . . . . dje. dak. . . . peureupna ngahakan tjareham Si Karun nu beulah katuhu, „Seten siah!” Si Karun nJOROWOK deui, sabot kitu Si Anta rikat ngangsrudkeun sukn katuhuna ngagunakeun djalan dj. ro bari ngabarengan gerakna leungeun kaluhu, „Duk!” ngahantja pu. hu tjeuli Si Karun nu beulah katuhu, „Uuuuh!”

Si Karun ngagerung bari badanna ngadjengkeng ka beulah kentja, diebrod deui bobokongna ditimpah ku djedjekan dampal suku, nu tumerapna ka si Karun daek teu daek kapaksa kudu ngagebut nangkuban, tjungurna njuhid kana taneuh nu pinuh ku djujukutan.

*Anta* „Hehebeh... bajoh hudang deui ... Karun! Kontan deuleu... aing majar hutang mah!” si Anta njorowok bari ngahebeh.

—Teu dititah oge moal burung hudang da puguh kakuatanana mah masih kekeh gembleng, koredjat si Karun ngagurindjal sarta langsung ngadiuskeun peureupna, tapi si Anta nu memangna geus sadia, sakilat manehna ngedjat ka gigir bari langsung njabetkeun dampal sukuna dipake njapu bintjurang, ngan bae si Karun ngagentak luntjat ka lubur, si Anta ngagentak njampeuk ka gigir bari ngadiuskeun peureupna deuk ngadagor tjareham, orokaja sakali ieu mah si Karun kawasna keur meunang angin, manehna rikat nakis bari nedjehkeun dampal sukuna ka gigir nu teu salah deui ngadjedak kana pubu pingping, „Aduh!” si Anta ngagero bari badanna ngaheungeu semu<sup>2</sup> mejekeh, bareng djeung tjena si Karun nintjak taneuh, sagilek manehna malik ngatuhu ngabarengan ajeuna peureup kentjana, „Djrot!” ngahantja gado, „Uuuuh—..!” si Anta ngagerung sarta badanna ngadangheuak. bareng djeung eta hiuk...djurus panundung musuh si Karun nu diwangun ku leungeun katuhu ngagedjrot mindo gado, „Uuuuh....!!!” si Anta ngagerungna beuki tarik tur



Jambat teu beda ti kongkorongokna hajam pelung, tapi sakali ieu mah manehna teu ngagebru, satekah polah nahan badanna ku djalan narik suku katuhuna ka tukang, orokaja hodjahna si Karun henteu anggeus ngan ukur semet dinja, peureupna ngadius deui sarta kalawan teu mere ampun ngadjebrodo kana hulu angen nu pikeun si Anta kapaksa ngadjengkang teu bisa ngukuh kuda kudana, sedengkeun si Karun barang mi-reungeuh posisi nu djadi lawanna kitu teh ngagentak manehna luntjat ngadjedjekeun dampal sukuna kana dadana si Anta bakating ku hajang puas, atuh teu pindo gawe geblag bae si Anta nangkarak bengkang.

—Lain deui napsuna si Anta, eukeur mah ngarasa ripuh nepi ka ngalaman nambru geus dua kali, turug<sup>a</sup> ngarasa era deui ku Lasmanah nu harita masih keneh njaksian, ku kituna dihudangna deui teh geus teu ngurus di kanjeri, sebrut bae manehna naradjang ngirim-keun djurusna nu bangbaran, angin samberanana geus miheulaan nebak kana beungeut si Karun, tapi ngagentak si Karun djingkrak, si Anta malik njusul tepus ku gempuran nu tetep ngantjam kana tjukang irung, si Karun rikat ngagilir njerong ngentja ngabarengan gerakna leungeun katuhu dipake ngelid panimpug, bareng djeung eta gilek manehna ka katuhu kari ujebrut-keun peureup kentjana. „Djrot!” teu salah deui ngahantja tjareham si Anta nu beulah katuhu, „Aduh!”

Si Anta ngagero bari sirabna ngadangheuk tapi, hodjah-  
na mah teu leungit, rikat manehna ngagerakeun leungeun  
katuhuna nu tadi mentas dikelid, njerepet ka beulah  
katuhu deuk ngahantja beuheung, si Karun ku teunggeu-  
lan kepang, puguh we si Karun rada ngarandjug oge  
mangkaneing sakitu nampeuna, upama seug keuna teh  
ulah<sup>2</sup> matak ngeureunkeun renghap napasna, teu mitjeun  
tempo rikat manehna ngedjat ka tukang, ngagilirkeun  
badanna nu saterusna ngarawel leungeun si Anta, sakali  
njentok si Anta kapaksa kudu njolontod deuk tikusruk  
heat... si Karun ngaheumbatkeun leungeunna deuk  
mepeg punduk, orokaja si Anta nu memangna geus  
ngarasa taja deui djalan pikeun ngedjat, ngagentak  
ngaragragkeun badann bari langsung ngarawu dampal  
suku si Karun, nu tumerapna ka si Karun geus teu bisa  
ditarekahan deui kapaksa badanna djadi ngagaleong,  
gebut bae manehna labuh lantaran ku dampal sukuna  
terus ditarik ku si Anta.

*Karun* „Andjing siah!” si Karun njarekan bari ngagentak  
ngagurindjal, lain deui napsuna boga rasa tjileureun  
kapiheutan gerak ku nu djadi lawan, teu ngalobakeun  
omong, seak bae manehna naradjang ngasupkeun djurus  
panundung musub, tapi si Anta tjingeus, rikat manehna  
ngadjaul ngadjauhan.

*Karun* „Montong kabur... setan!” si Karun nJOROWOK bari  
sebrut manehna njusul tepus.



- Si Anta teu nembal, puguh pangna ngedjat soteh deuk ngawahan, nu matak barang mireungeuh si Karun ngudag sakilat manehna ngawangun gerakan tadji malela sarta langsung njuruduk ka hareup bari mantjokeun ramo'na, puguh we tumerapna ka si Karun lain deui ngarandjugna, ngagentak manehna luntjat ka gigir, gilek njanghareupkeun badanna ngabarengan gerakna leungeun katuhuna nu maksudna deuk ngagebug pun- tapi si Anta rikat malik bari ngahadangkeun leungeun kentjana s. dengkeun leungeun katuhuna nu memang masih keneb njolotjoskeun dua ramona ngaheat di handap deuk digabreskeun kana iga burung, ngan bae si Karun teu eleh kesit, sakilat manehna ngageserkeun kuda<sup>2</sup>na ka tukang sarta badanna melengkung ngadju- rungkunung, hiuk.... "Des!" gerakan tadji malela digag- alkeun ku teunggeulan kepang, tapi leungeun kentja si Anta nu tadi dipake ngagagalkeun teunggeulan si Karun, sakilat ngulawit ka handap sarta teu bisa dike- peskeun deui, djres.... dua ramona dina gerakan tadji malela ngagabres kana iga burungna si Karun nu beu- lah katehu, „Aduuuuh...!!” si Karun ngagerung bari badanna ngabangkieung, geus kitu hiuk... —leungeun baruhu si Anta dibeumbatkeun deui ngagampleng kana puhu ijeui, tapi tetela daja tahan si Karun ten matak ngagetkeun oge, sanadjan bener iga buronna karasana njeri nu lain dikieuna, sakitjeup manehna geus bisa ngawasa deui dirina sarta langsung ngagunakeun leungeun

kentjana dipake ngelid ngabarengan asupna suku kentja ngagunakeun djalan djero, „Djrot!” djurus panundung musuh nu diwangun ku leungeun katuhu ngahaotja gado si Anta, „Aduh!” si Anta ngagero bari sirahna ngadangheuk, „Duk!” disusul ku tundjelan tuur katuhu nu ngabeset hulu angen, djebroed ditimpah puhu tjeulina ku teunggeulan kepang leungeun katuhu, geus kitu mah teu ngalobakeun deui pamolah, gebut bae si Anta nangkarak beng kang bari terus terusan ngagerung.

„Heh...hajoh sia geura budi deui...Anta!” si Karun paparahna mah deuk terus ngagapruk, lantaran pamikiran lawanna teh moal dibere kasempetan pikeun ngalakukeun deui hodjahna, orokaja manehna katjida ngarandjuga lantaran sareret kabireungeuh aja djalma nu keur kukuliwedan tukangeun tangkal djengdjeng, djelas lain baturna, ku kituna katjurigaanana mah djol museur we ka baturna si Anta

—Mikir ka dinja manehna teu ngalobakeun deui pamolah. tju si Anta, djorelat bae manehna ka nu bala nu saterusna kukurubutan di kebon esteh sarta muru pamondokanana, sedengkeun si Anta ngagentak ngoredjat hudang, tamba era ku Lasmanah, hég manehna ngagorowok nangtang<sup>2</sup> ka si Karun nu harita geus teu katembong deui djirimna.

„Heheheh...teu sangka si Karun teh...bet mijuwi hajam lisung...heheheh...” si Anta ngabeheh



bari njampeurkeun ka Lasmanah nu harita aja keneh di dinja, teuing naon sababna nu matak manehna teu daekeun njingkah, teuing ngarasa resep we meureun mireungeuh nu galungan teh, itung<sup>2</sup> hiburanana, puguh tjitjingna di dinja teh kasebut aja di tempat nu hara<sup>2</sup>-eun, mentjil anggung ti bedeng bedeng pagawe.

*ANTA* „Tau nanaon... Njai?” si Anta saterusna nanjakeun bari tetep sarangah serengeh nembongkeug huntu kareholna.

*LASMANA* „Henteu....” Lasmanah nembalan lalaunan, kalieus manehna tungkul.

*ANTA* „Heheheh.... saena we kabudjeng kapendak ku Kang Anta, upami henteu... lapur Njai teh baris di hina ku si Karun si Kasebelan.” si Anta nondjolkeun djasa.

*LASMANA* „Sumuhun.... hatur nuhun...” Lasmanah nembalan sawadjarna.

*ANTA* „Teu kedah... teu kedah nganuhunkeun... Njai memang tos djanten kawadjiban Kang Anta, kedah tutulung ka nu nudju ngarandapan bantjang pakewuh... sapertos Njai tadi, saena we Kang Anta laha loho ka palih dieu. Aeh.... bade ngadamel naon atuh Njai teh nu mawi aja di dieu?”

*LASMANA* „Bade ngundeur....”

*ANTA* „Euh.... kutan teh?” Mangga atuh teraskeun.... keun ku Kang Anta urang bantuan supados enggal....” si Anta bari njerengeh, ngarasa atoh nu lain di-kieuna dumeh geus bisa kapareng ngobrol djeung nu geulis kempot pipi.

LAS „Sawios ah moal tjios ...”

ANTA „Haaaar....naha?”

LAS „Tos ledug da tempatna ge....”

ANTA „Milarian deui we....da lega keneh kanggo ngadamel ngundeur mah?” si Anta njampeurkeun bari sarangah serengéh.

LAS „Wios ab....” Lasmanah bari malik nonggongan ka si Anta, ketejep manehna leumpang lalaunan nu maksudna deuk terus balik.

ANTA „Nji Elas....” si Anta ngagero lirih.

LAS „Kaaaab....” Lasmanah bari ngarandeg, tapi hanteu ari ngagitek mah, manehna tetep nonggongan si Anta.

ANTA „Ke atuh antosan....”

LAS „Ah bade nahn?” Lasmanah bari ngetejep deui.

ANTA „Ih engke beula... kapan ti tadi teh... ngantosan Kang Anta.... sanes?” si Anta bari ngadjorelat ka gigi-reun Lasmanah.

LAS „Duka ah...!” Lasmanah bari ngadjangkat, geus kitu terus bae manehna nojod teu mirosea.

ANTA „Eum.... ke atuh antosan.... Nji Elas.... heheheh...” si Anta ngadjorelat ngudag, kerewek kana leungeun Lasmanah bari ngahheh tjengar tjengir, badis we mo-njet djengkeleun.

LAS „Jejl Naon tjenah ieu teh make tjakal tjekel sagala?” Lasmanah bari ngepskeun leungeun si Anta.



*ANTA* „Ih....teu nanaon atuh sakieu mah Nji Elas?  
Etang<sup>2</sup> burubna we tilas bièu galungan sareng si Karun  
... 'si Anta bari ngarondjang deuk njekel deui kana  
leungeun Lasmanah.

*LAS* „Nadjis ah!” Lasmanah bari ngagentak ngedjat.

*ANTA* „Eum....sok tara kenging dipikaheman Nji Elas  
mah? 'si Anta nu memangna geus teu tahan ngawasa  
napsu birahina, ikart manehna ngarontok nu maksudna  
deuk naogkeup Lasmanah.

*LAS* „E....eh? Bet djol ieu djol ieu....djelema teh  
djapilus naker, nja?” Lasmanah rikat njingtjet, tapi si  
Anta nu memangna geus ngabalitungkeun kana naon<sup>2</sup>  
nu bakal dilakukeun ku Lasmanah, manehna ngagentak  
mahk sarta langsung ngarontok deui, nu tumerapna ka  
Lasmanah kapaksa kudu ngedjat deui bari ajeuna mah  
ngagunakeun dua leungeunna dipake ngabadang rondja-  
nganana si Anta, bareng djeung eta sukuna teu katiten  
meta di handap, sakali disabetkeun langsung njapu baba-  
djeg, nu pikeun si Anta mah djol<sup>2</sup> koleab bae badanna  
ka tukang nu saterusna ngagebut nangkarak bengkang.

*ANTA* „Aeh<sup>2</sup>....dipiasih teh kalab ka mutang tai....nja?”  
si Anta moroneos bari ngagentak ngagurindjal, sarta  
maksud mah deuk terus ngarontok deui, tapi kapaksa  
ngarandeg lantaran kadenge aja nu ngagorowok bari  
ngahabah.

*2022* „Habahah...meugeus...Anta! Nanaonan atuh maneh teh....hab? Habahah....”

- Puguh we pikeun si Anta mah lain deui matak ngarandjugna, komo barang manehna ngareret ka nu boga sora nu taja lian ti Mandor Kadri, adina Mursiah kelemes manehna lutam letem teu beda ti domba eléh.

*2023* „Heheheh....Djang Mandor?” si Anta bari kuram kireum, rej beungeutna beureum.

*2024* „Lain...keur naon atuh Kang Anta teh? Heheheh....”Kandor Kadri nanjakeun bari ngahéhéh, peta lakuna teu beda ti nu ngera’.

*2025* „Henteu....Djang Mandor, sanes...bade angkat ka mana kitu Djang Mandor teh? Heheh....”si Anta saterusna malik nanja bari ngahéhéh seuri teu bajang, ret ka Lasmanah nu keur melong, kalieus si Anta mi-tjeun beungeut bari ngeprukan papakeanana nu kalotor urut galungan tadi.

*2026* „Puguh ngahadja keur neangan Kang Anta, pai-ngan atuh ari aja di dieu mah....”Mandor Kadri bari ngareret ka Lasmanah, rada ngarasa kaget oge lantaran rupana asa robah kabina bina, matak pangling.

*2027* „Eu....Elas ieu teh?” Mandor Kadri njarita deui nanja ka Lasmanah.

*2028* „Sumuhun Mang Kadri....”

*2029* „Heheheh....”Mandor Kadri bari terus ngahéhéh, ret manehna ka si Anta, heg ngitjeupan, mere isarah supaja si Anta indit ti dinja.



LAS „Pangling kumaha... Mang?” Lasmanah bari ngarenju, ret ka si Anta anu geus ngaleos ti dinja, dikitjeupan ku Mandor Kadri teh teu ngabantah, leos bae manehna indit, ongkoh lila<sup>2</sup> tjitjing di dinja ge kaera era bae.

KARU „Pangling... Nji Elas, geuning ajeuna mah djadi beda pisan... —”

LAS „Nja kantenan atuh... Mang, kapungkur mah Elas teh kapan alit keneh...” Lasmanah ngarenju deui, saeutik oge manehna teu ngabogaan pikiran naon<sup>2</sup>, ka Mandor Kadri teh geus asa ka pamanta sorangan, puguh adina inĉung terera.

KARU „Is lain kitu... eu... eta ajeuna mah Elas teh... eu... asa mentjeuges nakef... heheheh, paingan ku Kang Djaja djeung ku Tjeuk Emur teu ditemborgkeun atuh... heheheh...”

LAS „Ah Emang mah?” Lasmanah ngadjanggilek.

KARU „Lain... na kunaon tadi teh... Las? Eu... kawas<sup>2</sup> nu diperebutkeun Elas teh?” Mandor Kadri ngalegotkeun obrolanana, harita teh masih keneh ngadjaranteng di dinja, Lasmanah mah bari njarande kana tangkal djengden.

LAS „Diperebutkeun ku saha... ari Emang?”

KARU „Geuning tadi si Anta djeung si Karu?”

LAS „Na Emang uninga kitu?” Lasmanah kalah malik nanja.

KARU „Puguh... tadi teh njerangkeun heula, mani ragot, sугan teh keur naon... manahoreng bet keur marebutkeun

Elas, heheh...."Mandor Kadri bari njerengeh, momang lila naker njerangkeunana teh, ieu sababna nu matak si Karun djol<sup>2</sup> ngabeletjet teh, nu tadi kareret ku maneh. na teh taja lian ti Mandor Kadri.

*LPS* „Ah...lalaki pikasabeleun wungkul...teu aja nu sahidjieun behna mah....”

*KADRI* „Eum...-tong dikompet daunkeun....ah! Heheh....”Mandor Kadri bari njerengeh.

*LPS* „Henteu ka Emang mah....”

*KADRI* „Deuh...tong njebut Emang atuh....da asana...tjan kolot<sup>2</sup> teuing umur teh....heheheh....”

*LPS* „Hazar...na kedah kumaha kitu?” Lasmanah bari ngariuk kaget.

*KADRI* „Kumaha Elas we....tapi entong njebut Emang atuh....asa abong deui Elas mah? Heheheh....”Mandor Kadri terus terusan ngaheheh, memang saenjana umur manehna djeung Lasmanah teh teu sakumaha teuing gandjorna, onghon Mursiahna oge tatjan kolot<sup>2</sup> teuing.

*LPS* „Ib<sup>2</sup> ari Emang, kapan Emang teh raina Bibi, ari Bibi tea kapan indung Elas....”

*KADRI* „Indung tere kitub....”

*LPS* „Sumuhun....namung sanaos kitu, Mang Kadri teh sami we kasebatna paman Elas....”

*KADRI* „Enja bareto mah....keur aja keneh Kang Jahja, tapi ajeuna mah geus lain<sup>2</sup>na deui...”



*LAS* „Haaar...na kumaha maksud Emang teh?” Lasmanah nanjakeun, memang manehna katjida teu ngartina, kumaha maksudna tjaritaan Mandor Kadri teh kitu.

*KADRI* „Heheheh...belet geuning Elas mah...nja?” Mandor Kadri ngaheheh deui bari neutep mani mohoo oge tembong ajeuna mah sorot panonna mani buringas naker.

*LAS* „Belet kumaha....Mang?”

*KADRI* „Aeh...geus pok deui njebut Emang...nja? Eu...ajeuna mah geus lain<sup>na</sup> deui...Las, njebut Akang ge atawa Kaka...teu nanaon...heheheh...” Mandor Kadri bari ngagaramang deuk njekel pigeulang Lasmanah.

*LAS* „I...ib...sing emut Mang...?’ Lasmanah bari rikat ngedjetkeun leungeunna, kodjengkang manehna ugedjat ngadjuhan.

*KADRI* „Aeh...ari Elas inget Kang Kadri oge...’ Mandor Kadri bari njeureudeug sarta paparabua mah deuk newak.

*LAS* „Ih...lalaki teh bet taja nu sahlukun!” Lasmanah bari ngedjat deui, sarta beletjet bae manehna lumpat ti dinja, deuk terus balik ka imahna. „Aja<sup>2</sup> deui we setan bungkeuleukan teh...’ Lasmanah ngagerentes di djero hatena bari langsung muru ka imahna.

*KADRI* „Heheh...teu sangka si Elas...bet katjida pantesna ajeuna mah...hemh...kudu djadi milik aing...ah...deuk dipenta ka Kang Djaja...deuk didjéun nu ngora...piraku sungan make teu dibikeun...da

tangtu manehanana oge sieuneun leungiteun Tjeuk Emur, lantaran lamun Si Elas teu dibikeun, Tjeuk Emur oge ku aing moal dibikeun ka manehanana, ongkoh deui -- Tjeuk Emur ka Kang Djaja teh lain babadna..." Mandor Kadri ngagerentes di djero hatena bari gidig manehna indit ti dinja nu maksudna deuk nepungan Pa Djaja, poe eta keneh oge Lasmanah teh ku manehna deuk terus dipenta didjieun pamadjikan nu nomer dua.

ooOoo

#### B A G I A N K A — 41.

- PIKEUN Pa Djaja mah atoh teu atoh barang ngadenge pamaksudanana Mandor Kadri nu terang terangan miharep ka Lasmanah, nu harita teh ku manehna djol<sup>2</sup> disatudjuan we, ditampa tjindekna mah, ongkoh saenjana mah Mursiah nu djol<sup>2</sup> haripeut narima teh.

- Ari atohna, geus bisa disawang ti ajeuna keneh jen hubunganana djeung Mandor Kadri teh pasti bakal leuwih raket, keun masing rada pabeulit oge, minantu ongkoh adi beuteung ongkoh meureun, mun pantes tea mah disebut adi beuteung, lantaran ngahidjina Pa Djaja djeung Mursiah teh beunang disebutkeun teu katalian ku hukum anu sah, ngahidjina ngan saukur didadasaran ku suka pada suka.

- Ari teu atohna, Pa Djaja teh ras inget ka Pa Wabidi, dulur sapaguruanana, nu sasatna keukeuh deui



mementa Lasmanah pikeun bodjona Si Anta, ku maneh. na teh tatjan dibere kapastian sok sanadjan ari teu doana mah nataku ka Si Anta teh, tapi ari terang<sup>2</sup>an ditolak sok sieun aja balukarna nu teu hade, bakuna mah sok sieun Si Anta kanjenjerian, heg manehna mi-sahkeun maneh, bari geus tangtu bakal ngandung hate goreng.

--Leubeung mun Si Anta wungkul, kumaha lamun seug Pa Wahidi pipilueun, goreng<sup>2</sup> oge ka nu djadi murid, piraku deuk teu nembongkeun kabelaan, mangka<sup>2</sup> tjenah ajeuna teh Si Karun sabaturna geus njaringkah ti dinja, alatan riributan djeung Si Anta, nu djadi pa-salna kapan Lasmanah pisan.

--Nu matak barang Mandor Kadri geus ngaleos, terus bae Pa Djaja babadamian djeung Mursiah, bakuna mah ngabadamikeun pibalukareunana, mun seug kitu teh djadina, meureun tangtu bakal nimbulkeun kasusah nu lain enteng<sup>2</sup>, dihenteu henteu oge bakal njanghareupan lawan nu lain saeutik<sup>2</sup>.

1711 „Haaaaar....ari Kang Djaja? Teu kedah pandjang emutan ajeuna mah, onghoh maksud Ki Mandor teh ku urang tos ditarima? Naha teu tjotjog kitu Kang Djaja teh ka Ki Kadri?” Mursiah dibawa badami teh bet kalah ka siga nu ngaweweleh.

1712 „Ih... ..ari Nji Emur, lain teu tjotjog Kang Djaja oge, ngan nu djadi pikiran teh... ..paur pibalukareunana keun ku perkara Si Karun mah teu matak djadi soal, tapi ieu... ..Si Anta, nu dimaksud teh Ki Wahidi bisi dengdek ka Si Anta, dilain lain oge guruna... ..”

*1911* „Ah... mangsa bodo Ki Mandor eta mah, da meureun upama aja naon<sup>2</sup> teh piraku manehna oge bakal tjitjingeun?”

*KORU* „Pasti kituna mah....Nji Emur, ngan urang meureun bakal kababawa riweuh?”

*1911* „Teu nanaon ...Kang Djaja? Naha urang teh deuk tjitjing kitu upama nu djadi dulur meunang musibat?”

*KORU* „Nja moal atuh..., piraku we--nu djadi dulur meunang musibat, ari urang ngadon nangkeup tuur onaman?”

*1911* „Tah.... upami kitu tea mah emutan Kang Djaja, teu kedah bingung-bingung, prung we urang laksanakeun manawi we atuh Kang Djaja?” Mursiah bari njerengeh.

*KORU* „Manawi naon?”

*1911* „Manawi we---Kang Djaja engke tiasa djanten Mandor di dieu? Hihihih---“ Mursiah saterusna ngahihih.

*KORU* „Hemh---ngababarikeun, saha nu deuk ngangkatna ...”

*1911* „Kapan Ki Kadri...”

*KORU* „Moal enja ge bisaeun, naon kakawasaanana....--pirakaning oge djadi Mandor--; ajeuna deuk ngangkat Mandor ka Akang nja?”

*1911* „Ih...engke atuh dimana manehna geus djadi Mandor Besar, kapan pangna urang kadieu oge...nja eta supaja manehna bisa tereh<sup>2</sup> djadi Mandor Besar.”

*KORU* „Enja--ngan tarahal djalanna--”

*1911* „Tarahal kumaha...--, pirakaning oge njieuhkeun djalma saurang? Naon hesena--Kang Djaja?”



~ D ~

*KADU* „Ih ari Nji Mursiah... , djigana ngan saurang so-  
teh... , loba usung esangna manehanana teh... onghob  
deui Mandor Besar Nata teh lain ipis<sup>2</sup> sarta handap<sup>3</sup>  
wewesenna, moal menta tulung ka urang atuh... arj  
gampang mah... ”

*IAH* „Nja kantenan Kang Djaja upami ditaragal mah...  
kapan ieu mah bade nganggo djalan demit... sanes?”

*KADU* „Enja... , ngan tatjan kapanggih djalanna, ka-  
wasna bae manehanana oge geus ngambeu, sangkilang  
urang teh kapan disingkurkeun di dieu, tapi manehna  
katjida tjaringtjingna, sakalieun mariksa ka tengahan  
oge tara njorangan, kudu we dibaturan ku batur batur-  
na atawa ku Mandor sedjen... ”

*IAH* „Namung tangtos aja bongohna... Kang Djaja?”

*KADU* „Pasti, mana ajeuna keur diintip intip oge... keur  
didodoho talingehna... ”

*IAH* „Alaaaaaah... hese<sup>2</sup> teuing mah... matak naon  
pegat we di nu singkur, kerepuk ulah sina bisa menjat  
deui... ”

*KADU* „Gampang ngarantjanakeun mah... , ngan nga-  
laksanakunana nu hese teh... , teu bade gereges  
gedebug kitu... Nji Mur, pangpangna mah onghob  
bisi kaambeu ku Si Djenar, Mandor Besar Nata teh  
kapan adina... ”

*IAH* „Si Djenar Bandjarsari?”

*KADU* „Enja... , mangka djeung Si Santang kapan  
sakitu dalitna, mun seug ngontrog ka dieu teh tangtu  
matak riweuh... ”

*IAN* „Muhun nja... eu ari eta... eu.... Si Santang  
teh... nudju kamana nja harita teh? Deuh upami  
nudju aja manehanana... Si Elas teh lapur moal tiasa  
kadjingdjing...”

*KORU* „Tjenah mah keur ka Dawuan, eu... ngitung heula  
atuh Akang oge... aja Si Santang di Samarang mah  
moal gana<sup>2</sup> wani ngadjorag... lantaran beurat pisan  
dilawanana Si kasebelan teh... batur baturna nja  
kitu keneh, kapan Ki Wahidi oge boboleh...”

*IAN* „Eu... keur ka Dawuan atanapi keur ka Leles?”

*KORU* „Ka Dawuan, tjenah mah keur ka Adjengan Hadji  
Djarkasih, eu... manehanana teh kapan sobatna Si  
Djenar...”

*IAN* „Eu... kutaan teh? Guruna Si Santang panginten  
nja?”

*KORU* „Enja...., tapi guru ngadji...”

*IAN* „Euleuh... atuh santri nja Si Santang teh?”

*PAJA* „Enja... ngan santrina santri budug...” Pa  
Djaja bari njerengeh.

*IAN* „Haaaar... santri budug kumaha.... Kang Djaja?”

*PAJA* „Santri budug... lantaran masantrenna oge ma-  
nehanana mah tangtu lain deuk diadjar ngadji, tapi ka-  
wasna bae ngan sakadar deuk ngaheroan anak parawan-  
na Adjengan Hadji Djarkasih....”

*IAN* „Aeh<sup>2</sup>... kutaan? Paingan ngampleng atuh, deuh  
aja ku notorogan naker, Si Elas diheroan... tapi ka nu  
sedjen purunjus...”



*Paja* „Puguh ge djetema andar<sup>2</sup> Si Santang mah...”  
*iam* „Sumuhun... —, numawi Si Elas teh urang enggal<sup>2</sup>  
kawinkeun ka Ki Mandor... —”

*Paja* „Gampang perkara eta mah... Nji Emur, ngan nu  
dipake bingung ku Akang teh... — Ki Wahidi, bisi hatena  
malang ka tukang... —”

*iam* „Haaaaar... — naha Kang Djaja teh ngaraos seber  
kitu ku Ki Wahidi?”

*Paja* „Ih... — seber<sup>2</sup> benteu... —, ngan nu dipake bingung  
teh, asa piraku deui kudu pasendatan djeung manehana.  
na, goreng<sup>2</sup> oge dulur sapaguruan Akang... —”

*iam* „Sanaos kitu... — Kang Djaja, ari leres<sup>2</sup> mah manehna  
nembongkeun sikep nu awon ka urang, bet asa piraku  
make kedah diantep... —”

*Paja* „Enja ku kitu tea mah... —”

*iam* „Ari tos bade kumaha deui atuh, dulur tinggal du-  
lur, ari bade njilakakeun mah teu kedah diantep... —”

*Paja* „Enja... — ngan Akang teh tetep we ngarasa paur  
mah, lain paur ku Ki Wahidi... —”

*iam* „Paur ku saha deui... — Kang Djaja? Ku Si Santang?  
Moal enja oge njahoeun jen urang aja di dieu, sanaos  
leres ge di dieu aja Mandor Besar Nata, moal... — —  
moal njangkaeun ka dieu... —”

*Paja* „Is lain paur ku Si Santang, taen... — — Nji Emur,  
Akan mah hariwang Si Elasma teu daekeun... —”

*iam* „Ah... — — naha dianggo hariwang teuing... — — Kang  
Djaja? Urang paksa we... — — moal sabaraha ieuh hodjab,  
na sugan... — —”

*Djaja* „Kumaha mun manehna nepi ka luluasan?”

*Imah* „Luluasan kumaha... Kang Djaja?”

*Djaja* „Enja luluasan... upamana bae manehna nepi ka nekad poho kana njawana sorangan, atawa tjopelna... heg manehna teh kabur ti dieu, kitu tah kahariwang Akang teh...”

*Imah* „Ah... moal rupina... dugi ka dinja mah Kang Djaja, namung tjobi we atuh taros heula, piraku sugan manehna make nanduk, naha bade milarian nu kumaha deui...”

*Djaja* „Enja..., tjig atuh ku Nji Enur teang, kadiieu kituh tjeuk Akang tapi tong waka geruh lanan...”  
Pa Djaja ahirna nitah neang Lasmanah nu harita keur aja di pipir imah.

-Ti tadi ge manehna teh ngadedempes bae di dinja bari kaajaan hatena terus ratug tutunggulan, ku mireungeuhna Mandor Kadri nu terus nuturkeun ka imahna, hatena djadi terus teu aman, pinuh dieusi ku rasa tju-riga boa-boa, sok sieun Mandor Kadri teh bener<sup>2</sup> aja maksudna nu teu wadjar, beu... mun bener kitu teh sarta heg deui disatudjuan ku nu djadi pamanna, emh... kumaha nja pilakueun, mangka-mangka aja di tempat hara haraeun, deuk ngumaha<sup>2</sup> ka saha, deuk menta tulung menta tulung ka saha, ras inget ka Djaka Santang nu memang salilana oge tara leupas tina pabendjo hatena, surudut baq tjiapanon Lasmanah ngaba-seuhan pipi, nu saterusna manehna nginghak ditahan.



-Mursiah nu harita ngoreleng ka pipir deuk njalukan Lasmanah, sadjongdjongan mah manehna ngadjengdjen barang mireungeuh Lasmanah kasampak teh keur nginghak, teu kaget lantaran geus bisa dipaparah naon nu djadi sabab musababna lantaran tadi teh samemehna Mandor Kadri ngebrehkeun kahajangna, kungsi dodingeng heula jen Lasmanah teh diparebutkeun ku Si Anta djeung ku Si Karun, malah nepi ka galungan sagala, ieu meureun sababna nu matak ajeuna kasampak tjeurik teh, tapi tamba teuing euweuh pitjaritaeun, pok bae manehna nanjakeun.

*IAH* „Aeh... ku naon tjenah Elas teh? Boga kanjeri?“ pokna api<sup>2</sup>.

*LAS* „Henteu Bi... -- --, Elas mah teu naon<sup>2</sup>....“ Lasmanah nembalan bari heg njusutan tjipanon ku tungtung kabajana.

*IAH* „Ku naon atuh? Eu... -- -- aja nu deuk ngahina ka Elas? Pupulih atuh ka Emang, da moal nepi ka teu diwarah... saha tjenah djelemana?“ Mursiah terus api<sup>3</sup> teu njaho.

*LAS* „Ah teu aja... -- -- Bi, E'as mah... ngaraos teu betah we di dieu teh... -- -- ' Lasmanah kalah ngasongkeun alesan nu didjieun djieun, memang enja ngarasa teu betahna mah, tapi ari pangna tjeurik mah kapan lain eta nu djadi sabab musababna.

*IAH* „Wajahna bae... -- -- -- Las, keun engke mah urang pindah ka bedeng, ku Mang Kadri oge moal teu diper-

nahkeun, ngan tjenah tatjan aja kosong. nu matak saheulaanan urang teh ditempatkeun di dieu ...eu.... ajeuna mah haju we urang ka imah, itu tjenab Emang aja kaperluan ka Elas..."

203 „Bade....aja naon kitu.. Bi? Lasmanah nanjakeun bari hate ngadadak beuki ratug tutunggulan.

194 „Teuing atuh....haju we urang sampeurkeun, aja kaperluanana meureun...."

- Didjawab kitu teh Lasmanah teu nanjakeun deui, sanggeus ngaberesihan beungeut sarta ngagarigkeun tjiapanonna, ketejep manehna leumpang nuturkeun Mursiah nu memang harita geus miheulaan deuk awup deui ka djero imah. bari hate mah beuki angot dagligdugna manehna geus tjop bae jen pangna ditjalukan teh tangtu pamanna deuk njaritakeun nu aja patula patalina djeung Mandor Kadri.

- Sanggeus araja di djero imah, Mursiah mah gek diuk dina urutna tadi, teu djauh ti gigireun Pa Djaja, sedengkeun Lasmanah ngagoljoh nu saterusna emok mando hareupeun Pa Djaja memeh diuk teh ngareret heula sakilat ka Pa Djaja nu harita keur nganteur pancu teup. geus kitu mah luk Lasmanah tungkul bari teu njarita sakemek. saregep ngadago naon<sup>2</sup> nu bakal ditjaritakeun ku nu djadi pamanna.

- Atuh Pa Djaja sadjongdjongan mah ngan ukur semet ngahuleng bari terus neuteup nu keur ngaheluk teu djol<sup>2</sup> udjug njarita. sarta batena rada njeredet oge mireu- ngeuh bubudenna Lasmanah harita nu memangna



salilana ngahidji di dinja, boh ka manehanana boh ka Mursiah, Lasmanah teh estuning hormat tilawat naker sok padahal Lasmanah teh njahoeun, jen nu naudasa bapana teh nja manehanana pisan.

— Ku kituna Pa Djaja teh antukna mah make boga rasa kaduhung sagala, rumasa hirup teh pinuh ku dosa, geus kabawa ku sakaba kaba kairid napsu idadjil, nepi ka ngalakon poho ka dulur sorangan ngan saukur nganteur pangadjakna napsu, ngumbar rasa amarah setan nu teu bisa pisan dikadalian.

— Ieu sababna nu matak dina ngebrehkeun kanjaabna ka Lasmanah ajeuna, Pa Djaja teh estuning lain ngan saukur djidjieunan, njaah.....deudeuh nu saudjratna salaku hidji paman ka na djadi alo nu geus teu indung teu bapa, anu ku Lasmanah oge hal ieu teh karasa pisan, nu matak pantes lamun Lasmanah ajeuna henteu terus terusan ngebrehkeun lelewa nu mikagiruk, bakuna mah moal aja paedahna, malah geus tangtu kalah ka bakal nambah<sup>2</sup> kasangsaraan sarta katunggaraan, nu matak mending ngawajahnakeun maneh, peta lakuna ka Pa Djaja sarta ka Mursiah teh djadi robah, susuganan ku djalan ieu teh manehna bisa leupas tina katunggaraan nu ajeuna keur karandapan.

*Pajaja* „Elas.....” mimiti kadenge sora Pa Djaja lirih bari panon mah teu leupas neuteup ka nu keur ngabeluk hareupeunana.

LAS „Kaaaah....” Lasmanah nembalan bari njengkatkeun sirangna, ngareret beula ka nu njarita, geus kitu luk manehna tungkul deui.

Paja „Tjenah tadi....Elas diganggu ku Si Karun?Bener?”

LAS „Sumuhun Mang....”

Paja „Naha atuh teu njarita ka Emang?” Pa Djaja uanja deui.

LAS „Tadina....bilih ngabarubahkeun....” Lasmanah nembalan lalaunan.

Paja „Hemh....salah kitu peta teh....Lasmanah, eu.. ari aja maon<sup>2</sup> teh kudu geuwat bebedja ka Emang, ngan hadena we tjenah nja... kaburu datang Si Anta?”

LAS „Sumuhun....”

Paja „Tapi tjenah....Si Anta oge ahirna mah make deuk ngalakukeun peta kurang adjar....bener?”

LAS „Sumuhun... mung saena kabudjeng sumping Mang Mandor....”

Paja „Enja....tah eta kudu didjadikeun eunteung, ulah sok piradjeunan luas leos sorangan ka nu rada djauh ti imah, untung sakitu ge teu nepi ka nimbulkeun bahaja kana diri....”

LAS „Manawi atuh moal papendak sareng Si Karun....”

Paja „Enja....keun bae ajeuna mah da enggeus, ongkoh Si Karun oge tjenah tjeuk Mang Kadri tadi terus mangpret kaluar ti wewengkon ieu, tjatjakan lamun aja keneh mah tangtu ku Emang teh diwarah enja<sup>2</sup>, ongkoh geus ngarasa geuleuh ti bareto mula Emang teh.

- Atuh eta deui nja....Si Anta, bet kawas nu teu



njaho bae nja enja manehana teh, tapi keun bae....  
kumaha Mang Mandor we, lantaran dilain lain ge ma-  
nehna teh wilajätna Mang Mandor Kadri. Kitu tah....  
Elas, bahajana nu lelengohan teh, malum ajeuna teh  
loba lalaki nu utjut burung, teu kaop we....neuleu  
awewe teh, nu matak tjeuk Emang mah Elas teh kudu  
buru<sup>2</sup> boga salaki, lain pedah Emang katut Bibi geus  
embung katjittingan, da sanadjan geus boga salaki oge  
tjitting mah tetep tumetep we di dieu, njan nja kitu  
tea.....Las, teu kurang<sup>2</sup> bahajana ari lengoh teh  
ongkoh memang sakuduna Elas teh boga salaki, geus  
meudjehna...." reg Pa Djaja eureun heula njaitana  
hajang njaho kumaha tumerapna ka Lasmanah.

*Las* „Eu.. teu atjan maksud waktos<sup>2</sup> ieu mah Mang..”  
Lasmanah nembalan lakuanan, hatena djadi beuki tam-  
bah ratug.

*Paja* „Ih salah kitu peta teh.... Las, geus meudjehna  
Elas teh, geus meudjehna boga salaki, onghoh deui  
pialakieun teh geus njanton<sup>2</sup>, teu kudu hese<sup>2</sup> neangan,  
oge nu katulupna ku Emang katut ku Bibi, pasti bakal  
njaahedn sarta bakal njenangkeun ka Elas, nja eta nu tadi  
kungsing nulungan ka Elas, kapan bebelana geus sakitu  
natratna, njaho meureun nja?”

*Las* „Si Anta....Mang?” Lasmanah api<sup>2</sup> teu surti.

*Paja* „Is lain....ka Si eta mah moal enja ge dibikeun,  
eta...nu nulungan ka Elas tina gangguan Si Anta,  
Mang Mandor....Mang Mandor Kadri....,piraku Elas  
oge make teu tjop djeung hate....”

njaho bae nja enja manehana teh, tapi keun bae....  
kumaha Mang Mandor we, lantaran dilain lain ge ma-  
nehna teh wilajatnya Mang Mandor Kadri. Kitu tah....  
Elas, bahajana nu lelengohan teh, malum ajeuna teh  
loba lalaki nu utjut burung, teu kaop we....neuleu  
awewe teh, nu matak tjeuk Emang mah Elas teh kudu  
buru<sup>2</sup> boga salaki, lain pedah Emang katut Bibi geus  
embung katjittingan, da sanadjan geus boga salaki oge  
tjitting mah tetep tumetep we di dieu, njan nja kitu  
tea.....Las, teu kurang<sup>2</sup> bahajana ari lengoh teh  
ongkoh memang sakuduna Elas teh boga salaki, geus  
meudjehna...." reg Pa Djaja eureun heula njaritana  
hajang njaho kumaha tumerapna ka Lasmanah.

*Las* „Eu... teu atjan maksud waktos<sup>2</sup> ieu mah Mang..”  
Lasmanah nembalan lakuanan, hatena djadi beuki tam-  
bah ratug.

*Paja* „Ih salah kitu peta teh.... Las, geus meudjehna  
Elas teh, geus meudjehna boga salaki, onghoh deui  
pisalakieun teh geus niantong, teu kudu hese<sup>2</sup> neangan,  
oge nu katulupna ku Emang katut ku Bibi, pasti bakal  
njaahedn sarta bakal njenangkeun ka Elas, nja eta nu tadi  
kungsi nulungan ka Elas, kapan bebelana geus sakitu  
"atratna, njaho meureun nja?"

*Las* „Si Anta.... Mang?” Lasmanah api<sup>2</sup> teu surti.

*Paja* „Is lain.... ka Si eta mah moal enja ge dibikeun,  
eta... nu nulungan ka Elas tina gangguan Si Anta,  
Mang Mandor.... Mang Mandor Kadri....,piraku Ela<sup>2</sup>  
oge make teu tjop djeung hate....”



*Las* „Ah... ragab atuh Mang....”

*Aja* „Is moal.... eta pedah aja kasebutna kapi paman? Kapan eta mah ngan sakadar katalian ku Bibi, teu naon... lantaran kanjataanana mah taja patula patalina babarajaan, ongkoh deui ari umurna mah ngora keneh naker Mang Kadri teh, eta tjenah Elas didua didjieun nu ngora, teu nanaon... .boa kanjaahna mah bakal tamplok ka Elas....”

*Las* „Eu....teu atjan maksud atuh Mang....” Lasma nab keukeuh ngasongkeun alesan didjieun djieun.

*Lama* „Euh....lain tatjan maksud, eta meureun...dumeh tiheula geus aja djangdji djeung Si Santang... .nja?” Mursiah njelengkeung nembrong, „Jeuh... .Elas, tjeuk r: si Bibi... .Si Santang mah lain lalaki pibeneren Elas mah puguh o\_e teu njaho, naon, sababna pangna manehana ka Dawuan terus ngampleng? Manehana teh saenjana mah geus ngabogaan kikindeuan, nja eta anakna Adjengan Hadji Djarkasih, kitu tah Las, sabenerna mah....”

- Nja puguh tumerapna ka Lasmanah teu beda ti ngadenge sora gelap keur meudjuehna tengah poe ereng erengan, sanadjan bener manehna teu udjug<sup>2</sup> pertjaja tapi tumerapna mah teu kurang<sup>2</sup>, harita ngadadak hekkarasona eungap sarta tetendjoan ruj raj kararoneng, nu antukna manehna kalah ka beuki ngabeluk bari tjipanonna geus mimiti ragragan deui.

*Lama* „Memang teu salah tjaritaan Bibi teh... .Las, malah tjenah bedjana....h a r i t a teh A d j e n g a n

Hadji Djarkasih keur tatahar, nja eta deuk ngawinkeun anakna ka Si Santang—...” Pa Djaja njambaraan.

-Puguh we pikeun Lasmanah mah teu beda ti nu kiamat, bumi alam karasana tungkeb nambah<sup>2</sup> parnana kaajaan hate manehanana harita, sarta geus teu nolih deui ka pamanna katut ka Mursiah nu harita masih keneh njanghareupan, djung bae manehna tjengkat tina diukna, pangsarean ngabarengan tjipanonna nu terus murubut maseuhan angel, sedeng hatena ngadjerit maratan langit ngotjeak maratan mega, njambat<sup>2</sup> bebene pamepes beubeureuh pameungkeut deudeuh nu geus pageuh maneuh lengket masket sumarambah ka sakudjur badan, tapi ari ebrehna ka luar mah ngan njegrukna mudal tjipapon nu terus mudal salimpasna tjai tjajah di wabangan sedengkeun ari djeritna ati mah ngan saukur kadenge ku manehanana sorangan, tapi lamun seug di kedalkeun mah moal bina ti kitu pokpakanana teh:

#### KAPATI PATI.

Sanadjan gede duriat  
Gambaran ka diri abdi  
Ari njabeulah mah tjumlah  
Matak bae njeri ati  
Ku abdi tos kadjudi  
Jen manah gambaran palsu  
Henteu sareng sajaktosna  
Mitjintana nu sadjati  
Tjinta soteh samemeh aja gentosna.



Keur waktos gegelehean  
Aja soara kakuping  
Sora salira gamparan  
Ngagentraan ka sim abdi  
Ti dinja abdi djung indit  
Teras sim abdi njalindung  
Barang braj panto dibuka  
Sihoreng bangkong di tjai  
Keur kangkengkong disada pada baturna.

### EROS

Selenting bawaning angin  
Kolepat bawaning kilat  
Abdi teh mendak tjarios  
Jen gamparan rek rendengan  
Paur lamun erja  
Ka saha abdi njalindung  
Titip diri sangsang badan.

Tjing atuh kumaha abdi  
Nalangsa taja kandatna  
Pinuh ku tjotjoba bae  
Duh Gusti nu Kawasa  
Mugi sih piwelasna  
Kersa maparin pitulung  
Nulungan nu keur tunggara... ..

1975 „Duuuuh... — Kang Santang... .., upami leres tea mah  
... .., emh... .. Engkang teh... .. ku harianeun... .. tanggung  
taja... .. kaniaja... .. nandasa nu tanpa dosa... ..  
Duuuuh... .. Engkang... .. sareng tinimbang dikieu  
kieu mah Elas teh... .. suka pedjah ngadjampana bugang...

teu werat hirup ge... ..upami kedah disapih dipegat  
 asih....,emh....teu sangka....manahoreng... Engkang  
 teh midua manab..,duuuuh....kaja kieu mah....Elas  
 teh....samar lila tiasa kumelendang....,duuuuh....diri  
 ....boa<sup>2</sup>....umur teh ngan semet dieu..lantaran...  
 dipandjangkeun umur oge..pinasi bakal gering nangtung  
 ngalanglajung..,duuuuh..Kang Santang..manahoreng....  
 Engkang teh..alus saür ngagulujur....mung sakadar  
 pangoloan..,teu sangka...Engkang teu njana..,Engkang  
 mah teuing ku tega..,mitjeun tineung....ninggalkeun  
 tunggara ka nu mitjinta....

33 Duuuuh....Engka..ku teungteuingeun.., teu njana  
 bakal kieu nasib Elas teh .., teu sangka....ahirna bet  
 pinanggih gunung ngungun..pasir sedih... poek pikir  
 samagaha..tunggara saendeng endengna ..duuuuh Kang  
 Santang. ....!!!' Lasmanah terus<sup>2</sup>an njambat<sup>2</sup> Djaka  
 Santang bari maseuhan angel ku tjipanon, nu antukna  
 guguling nu digulung dianggo tilam kaeling, kawas nu  
 katilar bilang, Lasmanah lung leng teu eling.....

oooOooo

#### BAGIAN KA - 47.

- MINANGKA meakeun kapanasaran, memeh ka  
 Sumadra teh Djaka Santang sabatur batur ngadatangan  
 heula ka Puntjaktjae, ka tempatna Pa Wahidi.



- Tapi da puguh geus euweuh di dinja, nu kapanggih teh ngan ukur imahna, njengtjeling sorangan di lubur pasir, kosong taja eusina heg nanjakeun ka hidji imah nu aja dilebakeunana. luput teu njahoeun kamana djigna, ngan bisa djadi tjenah lamun manehanana teu ka beulah wetan, nja era nu brasna ka Tjihurang, bisa djadi terus ngulon mapaj djalan nu brasna ka Patered nu brasna ka dituna ka kontrak kina Tjikembang.

-Tapi da puguh maksud nu poko mah deuk ka kontrak Sumadra, ti Puntjaktjae teh terus bae norobos mapaj djalan leuweung, madju ngidul malibir ka suku gunung Gede, gunung Harumar, bras ka suku gunung Papandajan, terus malibir ka sisi kontrak Ardjuna, ti dinja kebat mapaj<sup>2</sup> djalan kontrak nu brasna ka Sumadra.

Na atuh ari deuk bus pisan ngambah daerah leuweung

Karangtumaritis ari rongheap teh papapag djeung abrulan Si Karun sabaladna, puguh tumerapna ka Djaka Santang teu beda ti nu nimu manggih, barang breh oge rikat manehna ngadjorelat ka hareupeun Si Karun, nja puguh pikeun Si Karun mah teu beda ti nu disampeurkeun ku Lodaja kalaparan, ngagentak manehna ngedjat mered ka anak buahna barisret mesat bedog lantaran pamikiran. ajeuna mangsana kudu antjur antjuran, pangna pasarandog djeung komplotan Djaka Santang, teh, geus moal salah deui maranehanana keur njusul<sup>2</sup> Lasmanah.

JS „E....eh....kabeneran tepung didieu..., dikamana-  
keun Nji Lasmanah.... Karun?” Djaka Santang djol<sup>2</sup>  
togmol we nanjakeun Nji Lasmanah.

KARUN „Kumaha? njao teuing deuleu....dewek mah teu  
ngagubug Si Lasmanah!” Si Karun nambalang bari  
ngareret ka batur<sup>2</sup>na mere isarah supaja tjaritjing ati<sup>2</sup>,  
lantaran geus pasti bakal ngadeg rerempon, djumlah  
tanaga mah teu eieh, tudjuh lawan opat, tapi lamun  
seug diukur tingkat pangabisana, geus tangtu manehna  
saanak buahna moal iahan puguh pihakna Djaka San-  
tang teh geus kanjahoan wewesenna lain bantrak  
bantrakeun.

BANDA „Alah....montong api<sup>2</sup> sia....Karun! Puguh geus  
njata digubug ku komplotan sia!” Banda morongos  
bari njeureudeug ka hareup.

KARUN „Euteuh<sup>2</sup>...tjalangap sia...Banda? Lain ku aing  
deuleu digubugna mah....tapi ku Si Djaja! Naha teu  
kadeleh tjutjungikna ku sia harita?” Si Karun nembal  
teu eieh porongos.

BANDA „Nja sarua we deuleu djeung sia....lantaran geus  
djadi komplotanana!” Banda terus njeureudeug, napsuna  
geus teu kaampeuh, geus hajang ger gapruk bae  
naradjang.

KARUN „Njao deuleu...aing mah lain komplotanana Si Djaja!  
Ti babeula oge Si Djaja mah satru kabujutan aing!  
Kadenge ku djedjebir sia....Banda?”

BANDA „Andjing sia! Geuning sia harita babarengan. ...  
hah? Banda nu memang napsuna geus teu bisa dikadalian



deui, sebrut bae manehna naradjang, orokaja Si Karun nu memangna geus sadia, sakilat manehna njabetkeun bedogna dipake ngahadang peureup Banda nu memangna geus njampeuk deuk ngabentur tulang pipi, ngan bae Banda oge dina naradjangna teh teu leupas tina idjiran sarta itungan pibalukareunana. harita oge barang mireun ngeuh ngolebatna bedog Si Karun, ngagentak leungeun-na ditarik deui sarta manehna langsung ngaragragkeun badanna ngagunakeun gerakan djogo andjing, hiuk... „Des!” teu ampun deui tjetjekolan Si Karun dibadjeg ku teunggeulan kepang, „Andjingsial!” Si Karun ngagero bari ngadjaregdjeg ngedjat ka tukang. sabot kitu gurindjal Banda hudang, hiuk...bedog Si Karun njerepet deui deuk nigas beuheung, tapi Banda teu gugup, rikat manehna ngadengdekeun badanna ka kentja ngabarengan ngangsirodna suku kentja ka hareup ngagunakeun djalan djero, bareng djeung eta.....Duk!” pigeulang Si Karun nu keur njekel bedog dihantja ku teunggeulan leungeun kentja, sabot kitu hiuk...peureup kentja Si Karun ngabelesur bangbaraan deuk ngadagor tjareham srog ajeuna mah suku katuhu Banda diasupkeun ngabarengan gerakna dampal leungeun katuhu ngagunakeun teunggeulan kepang, „Duk!” pigeulang leungeun Si Karun teu bisa disalamatkeun, „Duk!” deui disusul ku tundje. an tuur Banda nu ngahantja kana hulu angen, „Uuuuuuh!” Si Karun kapaksa kudu ngagerung anu munggaran, katambah deui ku Banda terus digeblag. nja atuh

teu loba deui pamolah, blak bae Si Karun ngabebeng-  
kang.

- Sabot kitu rob Si Odeng Si Belo Si Sarkam Si Bontet Si Randu sarta Si Menong, kabeh rampak babarengan madju bari srut sret maresat bedogna, tapi Sidik katut Medi rikat duanana ngahadang bari ngaralugas bedog<sup>2</sup>na, sedengkeun Si Petjut teu tingga-leun njerenteng bari sungutna teu repeh ngagogog sorana estuning matak ngalenjap rerendjagan da bari djeung njanggerengkeun hunt<sup>2</sup>na nu lalantjip sareukeut, atuh Si Rujuk geus kakalajangan di luhur, suat seot bari sorana ngagelik matak kukurajeun bulu punduk, nu tu-merapna ka Si Odeng sabaturna teu wudu nepi ka matak tingalenjor hulu, geus asa gapruk bae sirahna dibintih.

- Djaka Santang mah barita teh ngagentak muru ka palebah ngadjongkengna Si Karun bari satengah ngabalangan ka Banda nu harita deuk neruskeun panaradjangna, lantaran maksud Djaka Santang teh Si Karun deuk ditanja heula tina perkara Lasmanah.

✓ „Ke... ke lanan... ,eu... hudang heula Karun, kaula deuk nanja ka andika!” Djaka Santang saterusna ngareret ka Banda supaja rada mundur saeutik.

<sup>kepeleu</sup> „Na da aing oge deuk hudang, teu kudu dititah deuleu!” Si Karun kalah njentak, „ngagurindjal manebna hudang sarta langsung njelegedeg, bedogna masih keneh ditjetjekel.



*J<sup>s</sup>* „Eu ... Karun, saenjana kaula mah moal ngaja-  
keun tindakan naon naon, asal bedjakeun we... di-  
mana Nji Lasmanah ajeuna” Djaka Santang njaritana  
rada lirih, nja eta nu dipalar sangkan Si Karun daek  
ngabedjakeun terus terang.

*KARUN* „Njao deuleu ... da lain aing nu ngagubugna!”  
Si Karun nembalanana heuras naker, puguh lain  
deui napsuna dumeh bieu manehna ngadjurahrob,  
kakara sageprakan ngalawan Si Banda nepi ka  
kabeunangan dampal suku dibadjeg sarta hulu angen  
ditundjel ku tuur nahun, mun kurang<sup>na</sup> nahan  
matak hoream tjengkat deui.

*J<sup>s</sup>* „Alah ... moal enja sia make teu njaho? Montong  
disumput salindungkeun deuleu ... ari sia hajang  
salamet mah!” Banda nambalang bari srog madju ka  
hareup.

*KARUN* „Deuleu etah ... mani harus naker babaungna  
Si Banda? Njao deuleu ... aing mah teu nguruskeun  
nu kitu patut!” Si Karun bari ngadilak ka Banda.

*BANDA* „Bohong sial Si Djaja teh puguh sakongkol  
djeung sial!” Banda mani muntjereng, tjatjakan lamun  
teu kagok ku Djaka Santeng mah geus hajang  
ngerekeb inja.

*J<sup>s</sup>* „Eu ... nu bener ... Karun, tjoba we terus terang  
...!” Djaka Santang nembrong ngareret ka Banda  
mere isarah supaja njandet napsu, lantaran diheu-  
rasan mah Si Karun teh kalah ka beuki muntjugug.

~~Korok~~ „Nja Si Elas mah djeung Si Djaja di Sumadra  
deuleu... paling paling oge deuk didagangkeun!”

JS „Setan sia! Njatjapek teh padu engab... Karun?  
Nja bener sia mah taja hanpuraeunana!” kitu<sup>2</sup> teuing  
mah Djaka Santang djadi kaudal oge amarahna sarta  
teu antaparab deui ngan sebrut bae manehna ngadu-  
keun peureupna, deuk meraketkeun njabar<sup>2</sup> maneh-  
na teh atukna mah teu tahan, lantaran utjap utjapa-  
nana Si Karun estuning asa katjida teuing, ngahina  
teh mani antep antepan kitu.

← Atuh Si Karun ajeuna mah bungkem, manehna  
ngagentak luntjat kagigir njingkahan panimpug bari  
ngagorowok ka Si Randu nu maksudna menta bantu,  
lantaran ari kudu patutunggalan mah rada seber,  
tapi Banda teu tjitjingeun, waktu Si Randu ngadiore<sup>2</sup>  
lat deuk ngabantuan, peureup Banda geus ngaha-  
dang manten, nu antukna gapruk bae Banda djeung  
Si Randu patutunggalan.

→ Batur<sup>2</sup>na Si Karun nu sedjenna, geus kitu mah  
rob ngaronom ka Sidik djeung ka Medi, Sidik  
njorowok ka Si Petjut djeung ka Si Rujuk supaja  
ulah waka pipilueun, lantaran karasana matak kagok  
geus kitu sebrut Sidik naradjang bari ngagunakeun  
bedogna, meubang lawan Si Oding djeung Si Belo,  
sedengkeun Medi nianghareupan lawan tilu nja eta  
Si Sarkam Si Rontet djeung Si Menong.



- Sedengkeun Si Karun nu keur waktu tadi luntjat ka gigir, sakilat manehna geus bisa malikeun deui badanna bari langsung nolebatkeun bedogna deuk dipake nigas beuheung, orokaja Djaka Santang sanajan masih keneh lemor, manehna ngan ukur narik suku katuhuna katukang ngagunakeun djalan Inar, plos... -- bedog Si Karun ngan ukur njerepet ka bareupeunana nu dijolna ti beulah katuhu, puguh we keur waktu bedog Si Karun ngaliwatan teh samemena pisan ngabarengan ngangrodna deui suku katuhu diasupkeun, nu tumerapua ka Si Karun mah nepi ka ngalenjap sarca terus ngagero jantaran seuseukeut bedog teh djadi njuruntul deuk ngahakan beuheung sorangan.

„Hakan... kedel” Diaka Santang nJOROWOK bari ngadiuskeun peureup kentjana ngabarengan suku kentja ngagunakeun djalan djero” Djrot!” tulang pipi Si Karun nubeulah katuhu beuhang dibakan ku peureup kede ”Aduh...!” Si Karun ngagero bari badanna kontan ngageblag ka tukang nu saterusna ngabebeug kang, aja hadena oge, lantaran lamun teu kitu mah bedog manehna teh geus tangtu bakal ngahantja beuheungna, sendjata makan tuah, halieu teh lain ngan saukur kabeneran, tapi memang dihadja ku Djaka Santang terus disusul tepus ku peureupna kentja, eta pikeun njalametkeun beuheu. Si Karun bisi dihakan ku seuseukeut bedogna sorangan.

*Andjing!* „Aduh.... kurang ajar sia ... Santang!” Si Karun njarekan bari ngoredjat budang, kop kana bedogna nu keur waktu tadi lesot tina panjekelna, teu djauh ngagoler gigireunana.

✓<sup>s</sup> „E... eh... bet kalah ka njarekan... Karun? Lain kadua nganuhunkeun deuleu! Lantaran sareana lamun teu didagor tjareham andika, bedog teh geus tinangtu bakal ngagabres kana beuheung... heheh... andika mah bet ngadon deuk meuntjit maneh atuh?” Djaka Santang ngesek ngesekeun bari ngabeheh.

*Andjing!* „Andjing sia! Paling<sup>2</sup> ge hulu sia digelentjengkeun ku aing” Si Karun napsuna kalah ka beuki ngabudael, hiuk bedogna disabentkeun, tabi sakilat Djaka Santang njabut kudjangna bari langsung disabetkeun ngabarengan gorowokna.

✓<sup>s</sup> „Hakan Rompang!”

„Trang!” gerakan bedog Si Karun ngaheunggeu. giwel... dihakan ku gerakan tjapit hurang teu kudu ngalobakeun deui panolah, pluk bae bedogna lesot tina panjekelna; lantaran lamun dipaksa dipageuhan ulah<sup>2</sup> leungeun Si Karun teh bakal potong kabawa ku murilitna bedog nu teu bisa njangga wewesenna gerakan Si Tjapit hurang.

✓<sup>s</sup> „Heheheh... naha kalah ka dilesotkeun deui bedog teh... Karun? Hempek... lain deuk ngage-lentjengkeun sirah kaula?” Djaka Santang ngabehe bari bes kudjangna disesepkeun deui.



~~KARUN~~ „Montong njatjapek siah!“ Si Karun rikat ngasup-  
keun djurus panundung musuh, mani baripeut naker  
dumeh nu djadi lawan geus ngabebeskeun pakarangna  
tapi Djaka Santang oge teu ijileureun, sekilat manehna  
ngagunakeun gerakan tapak djalak, „Des!“ djurus Si  
Karun digagalkeun ku leungeun kentja. „Duk!“ gigir  
dampal leungeun kentja saterusna ngahantja kana beu-  
heung, „Duk!“ disusul tepus ku sodokan peureup ka-  
tuju nu teu salah deui ngahantja hulu angen, „To-  
baaaaaat... -!!!“ Si Karun ngotjeak bari badanna  
ngageblag ka tukang, puguh ge lain pitandingeunana  
Djaka Santang mah, nu matak tumerapna ka Si Karun  
teh ngan ukur matak ripuh bae nu aja.

- Sedengkeun di pihak Medi nu harita keur dihurup  
ku tiluan, djigana mah manehna kalah ka atoh galung.  
an bari dikerepuk teh, da eta we dina njanghareupan-  
ana teh kalah ka ngahihh taja eureunna bari gerak  
gerikna, estuning matak pusing nu djadi lawan, lantaran  
manehna teh gawena ngan luluntjatan hese naker di,  
tewakna, bedog<sup>2</sup> Si Sarkam Si Bontet katut Si Me-  
nong teh ngan ukur tinghariuk teu puguh, sedengkeun  
ari pamales panaradjang ti Medi, sanadjan bener ari  
gerakan bedogna mah geus bisa digagalkeun, tapi oro-  
kaja gerakan leungeun kentjana katut sukuna hese pisan  
dibendungna, mun teu njakar, ngaut atawa murilitkeun  
tjeuli, dampal sukuna teh ngadjekuk ngahakan

kekemplong, malah nu pangriputna mah Si Menong lantaran manehna mah rada bojot, oge tingkat panga b sana minangka panghandapna lamun seug dibanding keun djeung batur<sup>2</sup>na nu sedjen.

— Sakali waktu keur waktu Medi nakiskeun bedogna kana pangadek si Bontet nu djolna ti beulah katuhu bedog si Sarkam njuruwuk ti hareup sedengkeun bedog si Menong geus diheumatkeun ti beulah kentja, sarta ieu ieu oge hatena mah geus pada<sup>2</sup> boga taksiran jen lamun Medi deuk ngedjat geus pasti bakal ka tukang-eunana nu memangna lowong, hal ieu teh geus dibalitungkeun pikeun njusul tepus sarta pikeun njusun panaradjang saterusna, tapi kalawan teu disangka sangka Medi kalah ka brek tjingogo ngagunakeun gerakan depok, sedengkeun gerakan bedogna terus njerepet ti gigir beulah katuhu dina gerakan katumbiri untung leu, wi meunang mulungan ti nu djadi alo, puguh we tu, merapna ka nu tiluan teh lain deui tingrarandjugna lantaran djelas sukuna deuk dirampalkeun, mun si Sarkam mah djeung si Bontet rikat ngoredjat ka tukang, tapi si Menong gerakanana katjida lambatna, puguh we pikeun Medi mah samemena naker terus njabetkeun bedogna kana bedog si Menong sadjalam djeug gerakan badanna nu terus ngagilir ka beulah kentja, „Trang!“ bedog si Menong nepi ka ngambuka luhur lantaran disabetna ti handap, bareng djeung ngadangheuakna badan si Menong kabawa ku gerakan bedogna, leungeun kentja Medi sakilat ngagunakeun



gerakan tjomot dage, biasa nu djadi sasaranana teh  
kandjut kundang. ari gerewel bari ditjentok meueusan  
ari tjeuleuweung bae si Meuong ngadon babaung, nepi  
ka si Petjut oge pipilueun da disangka sora baturna.  
*MELUC.* Leueung ... tobaaaat ... !!!" si Menog saterusna  
ngotjeak bari panonna tiburial buntjelik, sedeng badan-  
na terus rarampeolan kawas nu lendjong.

*MEDI.* Hihihih ... ditjawel bebendulua mah teu walakaja  
sia -- hah? Hihihih -- "Medi ngahihih, sezri mani  
ngehkej njeungseurikeun nu keur tiburial buntjelik.

*BONTET.* Bangkawarah siah! Teu umum siah kalakuan teh!  
si Bontet njarekan bari ngaheumbatkeun bedogna, se-  
dengkeun si Sarkam oge teu tinggaleun bedogna mani  
ngolebat deuk narok sirah.

*MEDI.* Hihihih ... awas! Saha ajeuna nu kabagean bakal  
ditjomot ... hah?" Medi teu welah ngahihih bari ngadjo-  
relat luntjat ka beulah kentja, geus kitu we keuna ku  
poho, atuh manehna djadi ngarumpak si Menoag. nu  
antukna gebut bae Medi ngadjurahroh, sedengkeun  
bedog bedogna si Sarkam batut si Bontet terus  
njuruntul ... ..

*Hantia*

## PERHATOSAN!!!

1. Kumaha nasibna Medi? Katulungan atawa henteu? Ku saha?
2. Kumaha saterusna patelakna pihak Djaka Santang djeung pihak Si Karun?
3. Kungsi atawa henteu Djaka Santang teh manggihan Pa Nata?
4. Saha lawan Djaka Santang nu tjenah tanggoh teh?
5. Kumaha Lasmanah katulungan atawa henteu? Antos terasna Djaka Santang djilid ke 15.

—ooOoo—

---

### SELALU SEDIA:

Buku<sup>2</sup> peladjaran, madjalah<sup>2</sup>, tjerita<sup>2</sup>: Roman/Silat Sunda dan Tjergam<sup>2</sup>/Komik karja pangarang<sup>2</sup> terkenal Hubungilah T. B./U. P. :

### MARANATHA

Djl. K. H. Wahid Hasjim (Kopo III Bandung.)  
Djangan anda lewatkan milik dan batjalah silalu: serial LABAH<sup>2</sup> MERAH karja pelukis KUS.

---

Kangge daerah Sumedang sareng sabudeurna tiasa nambut buku ka:

1. Taman Batjaan ANGKREK di Djl. Angkrek
2. " " PARAPUTRA Djl. Panjengkiran
3. " " TJAHAJA BARU Djl. Talun
4. " " PIALA Djl. Piala
5. " " DJALAN TJAGAK diparapatan

Legok

SUMEDANG.



## Koropak:

MAMAN ABDURAHMAN Gg Edi 1 TJIANDJUR.



Abdi mah ngaraos heran ku Nji Tarsiah sakitu tos lamina nga riung sareng saderek<sup>2</sup> na, namung soal putrana teu atjan ditaroskeun, apan Nji Tarsiah teh waktos minggat ti Pa Djantra sanes nudju kakandung an? Sarengna deui saran ti abdi mah ulah seueur? teuing palaku-

na, margi abdi mah sok lieur komo upami dina gelut na heg maen korojokan. Aeh... heheheh... ka Djaka Santang abdi ageban nu herang<sup>2</sup> kitu, sawios Nji Sarah bae! (Apan Nji Tarsiah teh bebedjana ka Andi mah maot budakna teh. Kumaha maotna budak Nji Tarsiah tea, bisa djadi mangrupi rusiah panginten, kapajun oge bisa kaboker naha enja maot atanapi ngabohong manehna teh? Piraku ku palaku sakitu nganggo lieur sagala. sing apik bae maos<sup>2</sup>na! Red)

ATANG SUHANDA Gg Idjan 15 BANDUNG.

Ngahaturkeun nuhun, rehna buku teh ajeuna mah henteu elat teuing tiasa dua minggu 3 djilid Djaka Santang teh, atuh Waluwis dua djilid, Ach tumaros dupi

Karna katjarioskeun deui atanapi henteu? Apan Djaka Santang teh kantos ditadjong tah ku Si Karna teh, da abdi mah mani ngaraos keuheul teh mangkaning Kang Santang nudju alit keneh, bales Kang Santang, upama teu kapendak sugan djeung anak Karna, sok lawan Kang Santang da musuh kabujutan ieuh si Karna mah! (Karna teh tangtos katjarios deui kapajun mah, antos bae maennal Red),

EMI, EA, ERUS, DIDIN, Empat Serangkai Kap Sukafana Magung TJIPARAJ.

Sanes goong nabeuh maneh, abdi mah maos buku ka. rangan Pa Sukandar teh ti ngawitan Djurang Tresna (Seri Dewi) dugi ka ajeuna Djaka Santang sareng Waliwis Bodas tara absen sakali kali atajan margi sadaja oge njugemakeun, Dina silatna diperlentekkeun djurus2-na kuda2na, oge aja piwuruk? anu marunel, sapertos piwuruk Hadji Hasan Gapur dina seri Dewi. Mung handjakal teh eta Pa Sukandar mah koret, da sakitu sabengna nu njuhunkeun dipasang photo, ih lapur... padahal atuh naon sesahna, ku hojong terang potong-anana, naha parantos sepuh atanapi anom keneh? Majihan eta Tjeutjeu di Tjikawao nu palaj uninga, padjar teh tjenah Pa Sukandar teh siga Prabakesa... hihhi -- ambung2 atuh panginten djiga -- ah piraku deui? Teu pertjanten abdi mah! (Nuhun Empat serangkai tara absen mah tjiruning getol. Eta tjenah Pa Sukandar teh sieun ngirangan juswa pangna alim dipotret teh. Upami teu pertjanten mah, rupina teh teu benten sareng Ardjuna pangsisisina -- hehehe! Red),



M S. HARUN Djl, Stasiun MADJALAJA

Abdi mah katjida resepna ka Si Buntung Djago Tutugan, Djaka Santang Waliwis Bodas sareng sadajana karangan Pa Sukandar. Kumaha upami Si Buntung Djago Tutugan dikomikeun Pa Kandar? Lah... abdi mah resep ku djurus<sup>2</sup>na da upami Si Buntung tos ngagunakeun leungeun buntungna mæni ngarendag „djot” tjenah teu emis deui... heheheh! (Manawi kapajun dikomikeun ajeuna mah tjenah buku komik teh nudju mundur! Red).

Sersan Major M. S. HADIJAN Kp Bewk Rt 9  
Rk I LEMBANG Bandung.

Nganubunkeun ka S. Sukandar anu tos tiasa njuktiruk galur kapungkur ngangkat daradjat kasenian Sunda tina gerakan<sup>2</sup> silat mugu dianggo padoman ku sadajana paramaos kanggo ngiatan perdoangan ngabela Nusantara bangsa sareng Agama. Abdi ngawitan maos teh ti Gumilar Si Rujung Kawung Si Buntung Djaka Santang sareng Waliwis Bodas matih ngaraos katadji ku perdoangan Waliwis Bodas eta nganggo aja bantuan ti anu disebut Si Kalong Hideung sareng Si Kapinis ari pek teh deukeut<sup>2</sup> anak taleus sihareng Si Kapinis teh Nji Amimah buah ati abdi Waliwis Bodas bis bae digabrug upami teu isin ku Pa Djantuk mah. Mugu buku teh dicnggalkeun sareng rada dikandelan. Salam warga koropak! (Ari nu kasebat pedjoang mah piraku teu degdegan maos Waliwis Bodas mah, mung handjalkal waktos ajeuna mah teu atjan tiasa dikandelan margi bahan<sup>2</sup>na arawis, Red)

JAJAH HARJATI Bbk Selakaso blk Hotel Diah  
TASIKMALAJA.

Abdi mah katadji ku buku2 karangan Pa Sukandar  
teh, komo upami parantos maos seri Enok Mae,  
Balati Demit, Tjipanon Indung sareng sadjabina ma-  
ni pogoooot teh, eta we njangu oge buku teh tara  
kantun. Ajeuna d sambung ku Si Buntung, Djaka  
Santang, mingkin pogot deui dugi ka sok hilap kana  
nanaon. Ku karanganana sakitu, komo panginten  
ku djalmina boa matak katjeot hihihih . . . . Irah<sup>a</sup>  
Djaka Santang bade ngandjarg ka iorompok teh,  
diantos pisan tos kangen hojong tepang da tjatjak  
upami terang mah moal teu disusul bade diadjak ka  
Tasik, sakantenan bade diadjar djurus kabita ku Tjeu  
Itar. Salam kompak ka warga kotopak! (Kade ah  
Neng Jajah ati nudju njangu mah n ah maos buku,  
leg keh buku pahili sareng hihid heheh . . . . Inja  
Allah tjenah Djaka Santang teh bade ka Tasik, eta  
tjenah hojong gado2 urang Nagarnwangi! Red).

—ooOoo—

---

T. B. „NUGRAHA“ Tjampakawarna 78  
TASIKMALAJA.

Sajagi buku<sup>2</sup> tambutan basa Sunda/Indonesia saper  
tos; Roman, Silat, Tjergam kenging pangarang<sup>2</sup> anu  
tos terkenal.

Kasugri paramaos anu merjogikeun diantos sum<sup>o</sup>  
pingca.

Hormatna Pangurus<sup>o</sup>

Sodik Permady.



